



Pou Piblikasyon Imedya: 10/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN PATENARYA ASISTANS POU KONTRA LWAYE TI BIZNIS NEW YORK FORWARD LA

***Patenarya publik-prive ant Empire State Development, Start Small Think Big ak
New York State Bar Association***

***Pral bay ti biznis ak pwopriyetè yo asistans jiridik gratis pou renegosye
kondisyon kontra lwaye yo apre COVID-19 la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman Patenarya Asistans pou Kontra Lwaye Ti Biznis New York Forward la. Pou rekonèt enpak ekonomik COVID-19 la, pwogram sa a pral bay ti biznis ak pwopriyetè yo resous enfòmatif ak asistans gratis pou ede tou de pati yo rive jwenn antant sou kontra lwaye ki benefik pou tou de. Sèvis sa disponib pou tout ti biznis ak pwopriyetè nan Eta New York, epi patisipasyon an volontè. Pou ane k ap vini an, patenarya a gen kapasite pou sèvi plizyè milye ti biznis nan tout eta a.

"Ti biznis yo se rèl do nenpòt ekonomi ki solid epi li enpòtan anpil pou nou travay pou jwenn fason pou sipòte yo pandan moman difisil sa yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Enpak pandemi COVID-19 la sou ekonomi an te devastatè anpil, epi atravè patenarya tankou sa a, nou kapab ede soulaje fado anpil pwopriyetè biznis ap fè fas. Pandan gen yon moratwa sou ekspilsyon komèsyal ki anplas aktyèlman, novo patenarya publik-prive sa a pral ede bay yon nivo stabilite anplis pou ti biznis yo epi asire yo kapab jwe yon wòl nan ede bati ekonomi New York la pi byen pase anvan".

Nan kad pwogram sa a, Empire State Development ap fè patenarya avèk New York State Bar Association ak Start Small Think Big, yon novo òganizasyon san bi fè pwofi nan New York ki devwe pou sipòte ti antreprenè ki pa gen ase resous yo nan ba yo sèvis pwofesyonèl bon jan kalite. Pou patenarya sa a, Start Small pral ofri sèvis jiridik gratis apati rezo li ki gen plis pase 1,000 avoka bay lokatè ak pwopriyetè komèsyal k ap chèche modifikasyon nan kontra lwaye pou fè fas ak enpak COVID-19 la. New York State Bar Association (Asosyasyon Bawo Eta New York) te sèvi kòm vwa pwofesyon legal eta a pandan plis pase 140 ane epi pral sipòte rekritman ak fòmasyon avoka volontè anplis.

Sitwèb [Patenarya Asistans pou Kontra Lwaye Ti Biznis](#) la gen ladan enfòmasyon sou pwosesis renegosyasyon kontra lwaye a epi detaye plizyè kalite kontra lwaye ki disponib pou ede ti biznis yo fè fas ak enpak finansye COVID-19 la. Nou ankouraje sila

yo ki enterese nan asistans gratis pou kòmanse yon renegosyasyon kontra lwave pou yo revize ak ranpli [fòm admisyon](#) patenarya a. Apre nou fin ranpli fòm lan, chak ti biznis ap resevwa yon imèl ki detaye yon kwonogram apwoksimatif pou plasman avèk yon avoka volontè. Yon fwa gen korespondans, avoka volontè a pral voye imèl bay aplikan an pou pran yon randevou.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development Ian, Eric Gertler te deklare, "Pandemi COVID-19 la te malerezman kreye novo defi ekonomik ki pa te prevwa pou ti pwopriyetè biznis ak pwopriyetè yo atravè eta a. Nan travay ansanm avèk Start Small Think Big ak New York State Bar Association pou etabli patenarya sa a, objektif nou se pou ede lokatè komèsyal ak pwopriyetè yo jwenn akò ki benefik pou tou de nan angaje yo nan diskisyon pwodiktif ak pwofite asistans jiridik gratis la ke yo bay atravè pwogram sa a".

Direktè Pwogram Jiridik Start Small Think Big la, Alex Stepick, te deklare, "Nou kontan anpil pou fè patenarya avèk Eta New York ak New York Bar Association pou ede ti biznis yo pandan moman san parèy sa a. Start Small Thing Big ede pwopriyetè ti biznis yo grandi ak kenbe biznis yo atravè sèvis jiridik, planifikasyon finansye ak maketing ki gratis. Nou sipòte plizyè kalite rezo antreprenè, sa ki gen ladan sila yo ki gen koulè, fanm, manm gwoup defavorize ak/oswa ki gen revni ba nan konekte yo ak avoka ak lòt pwofesyonèl bon kalite ki bay tan yo volontèman pou bay sipò 1:1 ak ekspètiz ki nesesè pou rezoud pwoblè jiridik, finansye ak maketing biznis yo".

Prezidan New York State Bar Association, Scott M. Karson, te deklare, "Pandan biznis yo vle rete ajou sou lwave yo, kondisyon kontra lwave yo ki te etabli anvan COVID la ka rann li finansyèman enposib pou yo fè sa piske pandemi an ap pran tan. New York State Bar Association te mande sèvis avoka volontè yo, ki pare pou ede biznis ak pwopriyetè ki vle yo renegosye ak jwenn yon solisyon ki bon pou tout moun. N ap bay sèvis sa yo gratis akòz yon ekonomi solid nan pi bon enterè tout moun epi ede Nouyòkè yo ki nan bezwen se pi gwo vokasyon pwofesyon nou an".

Paternitya sa a ranfòse efò kontinyèl eta a pou diminye ekspilsyon komèsyal ki gen rapò ak pandemi an Nan dat 20 oktòb, [Gouvènè Cuomo te siyen](#) yon dekrè egzekitif ki pwolonje moratwa eta a sou ekspilsyon ak sezi komèsyal ki gen rapò ak COVID, jiska 1ye janveye. Sa pwolonje pwoteksyon ki déjà anplas pou lokatè komèsyal ak moun ki gen ipotèk yo an rekonesans ak konsekans finansye pandemi an sou pwopriyetè biznis yo. Pwolongasyon pwoteksyon sa a bay lokatè komèsyal ak moun ki gen ipotèk yo tan anplis pou ratrape yo nan bòdwo lwave oswa ipotèk yo ki poko peye oswa pou renegosye kondisyon kontra lwave yo pou evite pwosedi ekspilsyon yo kontinye.

Paternitya sa tou se dènye resous ki ranfòse angajman Eta New York pou sipòte ti biznis ki nan difikilte apre COVID-19. Nan mwa oktòb, Gouvènè Cuomo te lanse [Empire State Digital](#), yon nouvo inisyativ ki akselere kapasite ti biznis nan Eta New York yo pou grandi prezans yo sou entènèt atravè yon pwogram san parèy nan peyi a avèk fasilitatè komès elektwonik global prensipal yo, ki ofri solisyon espesyalize inik pou bezwen ti biznis yo nan eta a. Anplis de sa, [New York Forward Loan Fund](#) kontinye bay prè

kapital woulman jiska 100,000 dola pou ede ti biznis ak òganizasyon ki pa gen bi fè pwofit re-ouvri.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)